

Fevreye 13, 2024

Chè Paran/Gadyen,

Bi lèt sa a se pou enfòmasyon w elèv ou a pral pran sou òdinatè [Egzamen FSA Repriz Ekriti ELA ak Lektif ELA ak/oubyen Evalyasyon Repriz Fen Kou (EOC) Aljèb 1] nan dat [Fevreye 20 - mas 8, 2024]. Egzamen Repriz FSA ELA a fèt sou yon peryòd twa jou e li gen ladan yon sesyon 120 minit Ekriti ELA e de (2) sesyon 90 minit Lektif ELA. Pou sesyon Repriz Ekriti FSA ELA a ak Repriz Lektif ELA a, nenpòt elèv ki pa t konplete yon sesyon nan fen peryòd tan yo te ba li a ap kapab kontinye travay pou jiska mwatye yon jounen lekòl regilye pou sesyon sa a. Nou fè evalyasyon Aljèb 1 ak Jewometri EOC yo nan de sesyon 90 minit yo chak, sou de jou, e elèv yo ka gen jiska mwatye longè yon jounen lekòl regilye pou konplete chak sesyon.

Si ou menm oubyen elèv ou a ta renmen gen yon ide sou egzamen pratik sou òdinatè a lakay nou, gen egzamen pratik ak modèl repons ki disponib nan <https://fsassessments.org/families.html>.

Please review the following policies with your student before testing:

- **Aparèy Elektwonik**—Yo pa pèmèt elèv sèvi avèk okenn aparèy elektwonik, ki gen ladan, men ki pa limite a, telefòn pòtab, telefòn entelijan, ak mont entelijan, ak kas ekoutè san fil nan kèlkeswa moman pandan egzamen an **oubyen** pandan poz (egz. ale nan twalèt), **menmlè yo fèmen oubyen elèv pa itilize yo**. Si yo jwenn elèv ou a avèk yon aparèy elektwonik, y ap anile egzamen li a.
- **Règ sou Kalkilatri**—Pou evalyasyon Repriz Aljèb 1 EOC a, **elèv ka sèvi avèk kalkilatri yo apwouve pandan Sesyon 2 a sèlman**. Si elèv sèvi avèk kalkilatri yo gen nan men yo pandan Sesyon 1 an, y ap anile egzamen yo a.
- **Akseptasyon Règleman Egzamen yo**—Tout egzamen yo gen ladan yon Akseptasyon Règleman Egzamen ki di: “Mwen konprann règleman egzamen yo fèk li pou mwen yo. Si mwen pa suiv règleman sa yo, yo ka anile nòt mwen fè pou egzamen an.” Anvan egzamen an, moun ki ap administre egzamen yo ap li règleman yo pou elèv yo, e elèv yo ap deklare yo konprann règleman egzamen yo nan klike bwat ki nan navigatè sekirize a pou endike yo konprann règ sou egzamen yo.
- **Diskite Kontni Egzamen an Aprè Egzamen**—Dènye pòsyon règleman egzamen yo li pou elèv anvan yo siyen Akseptasyon Règleman Egzamen yo di, akòz kontni tout egzamen atravè eta a sekirize, ou pa dwe diskite oubyen devwale detay konsènan kontni egzamen an (sa gen ladan kesyon, tèks, ak endis yo) apre egzamen an. Sa gen ladan kèlkeswa kalite kominikasyon elektwonik, tankou voye mesaj tèks, imèl, poste sou sit medya sosyal yo. Silvouplè asire w elèv ou a konprann “diskite” kontni egzamen yo gen ladan nenpòt kalite kominikasyon elektwonik, tankou voye mesaj tèks, imèl, poste sou medya sosyal oubyen pataje enfòmasyon sou entènèt. **Pandan elèv pa dwe pataje enfòmasyon konsènan kontni egzamen ki sekirize aprè egzamen, règ sa a pa fèt pou anpeche elèv diskite eksperyans yo fè nan egzamen avèk paran/fanmi yo.**
- **Travay yon Fason ki Endepandan**—Elèv responsab pou travay poukont yo pandan egzamen an e pou yo pwoteje repons yo pou lòt moun pa wè yo. Si yo jwenn elèv ap triche pandan egzamen, yo ap anile egzamen yo a. Anplis, “Florida Department of Education (FDOE)” (Depatman Edikasyon Florid) anplwaye “Caveon Test Security” (Sekirite Egzamen Caveon) pou analize rezilta egzamen elèv yo pou detekte modèl repons ki parèt etranj tèlman yo sanble. Yo ap anile egzamen elèv nan yon lekòl yo jwenn avèk modèl repons ki ekstrèmman sanble.
- **Kite Kanpous la**—Si elèv ou a kòmanse yon sesyon egzamen e li kite kanpous la anvan li fini li (egzanp, pou repa midi, yon randevou), yo **pap** pèmèt li retounen nan sesyon egzamen sa a. Si elèv ou a pa santi l byen nan jou egzamen an, li ka pi bon pou l tann e pran egzamen an nan yon jou ratrapaj. Silvouplè sonje pou pa pran randevou pou elèv la nan jou egzamen yo.
- **Akomodasyon pou Egzamen**— Si elèv ou a gen yon “Individual Education Plan” (IEP) (Plan Edikasyon Endividyèl) oubyen yon plan Seksyon 504, oubyen li se yon “English Language Learner (ELL)” (Moun ki Ap Aprann Anglè) oswa yon elèv ki apènn kite ‘ELL’, silvouplè kontakte lekòl la pou diskite akomodasyon pou egzamen yo pral bay elèv ou a.

Si w gen nenpòt kesyon konsènan administrasyon egzamen sa a, ou ka kontakte Heather Thompson nan 786-629-7053. Pou plis enfòmasyon sou pwogram evalyasyon ‘Florida Statewide Assessments’, silvouplè vizite pòtal yo a nan <https://fsassessments.org/fsa.html>.

Mèsi dèske w sipòte e ankouraje elèv ou a pou l fè meyè efò li nan administrasyon egzamen sa a.

Sensèman,

Alejandro Madrigal  
Principal